



Pou Piblikasyon Imedya: 21/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON POU ELAJI AKSÈ NAN MEDIKAMAN PrEP AK PEP KI EDE ANPECHE VIH

Lejislasyon S.688/A.807 egzije konpayi asirans yo pou yo kouvri pwofilaksi anvan ekspozisyon (PrEP) ak pwofilaksi apre ekspozisyon (PEP) pou ede mete fen nan epidemi VIH la nan New York

Gouvènè Hochul te siyen jodi a lejislasyon (S.688/A.807) ki egzije konpayi asirans yo pou yo kouvri pwofilaksi anvan ekspozisyon (PrEP) ak pwofilaksi apre ekspozisyon (PEP) pou ede anpeche enfeksyon VIH la.

"New York te nan tan pase episan epidemi VIH/SIDA a, epi nou gen yon obligasyon moral pou nou kontinye batay pou mete fen nan epidemi an yon fwa pou tout", **Gouvènè Hochul te deklare.** "PrEP ak PEP se zouti enpòtan ki ede anpeche nouvo enfeksyon VIH epi chak Nouyòkè ki kalifye ta dwe gen aksè a medikaman enpòtan sa yo".

Lejislasyon S.688/A.807 egzije ke nenpòt kontra asirans ki bay pwoteksyon pou medikaman sou preskripsyon gen ladan kouvèti pou depans PrEP ak PEP — de zouti enpòtan pou anpeche pwopagasyon VIH. Dapre Sant pou Kontwòl Maladi (Centers for Disease Control, CDC) yo, yo te demontre ke PrEP diminye risk enfeksyon VIH nan moun ki gen gwo risk pou yo trape VIH nan jiska 92 pousan, lè yo pran yo regilyèman. Eta New York kontinye gen pi gwo kouvèti PrEP nan nasyon an, epi gen plis moun k ap resevwa li pase prèske nan nenpòt lòt jiridiksyon. Rejim PEP yo se medikaman antiretwoviral yo pran pou sispann pwopagasyon VIH apre yon sèl evènman ki gen gwo risk. PEP ka itilize pou trete travayè swen sante yo ki te ekspoze a san oswa likid kòporèl pasyan ki gen VIH, ansanm ak moun ki te ekspoze a VIH atravè sèks san pwoteksyon, pataj zegwi, oswa agresyon seksyèl. Nouvo lwa sa a pral ede asire ke plis Nouyòkè ka jwenn aksè nan zouti pou sove lavi sa yo, ki se yon pati enpòtan nan batay pou mete fen nan epidemi VIH nan New York.

Senatè Eta Brad Hoylman te deklare, "New York te fè gwo pwogrès nan batay kont VIH/SIDA depi li te pran angajman pou mete fen nan epidemi an nan ane 2014, men pousantaj nouvo enfeksyon yo te toujou ogmante ant 2020 ak 2021 avèk plis pase 2,100 ka ane pase. Elaji aksè nan PrEP ak PEP, ki anpeche nouvo enfeksyon, ap ede sispann pwopagasyon an. Avèk pwojè lwa sa ki adopte a, New York ap renouvle

angajman li nan sante piblik, espesyalman nan kominote LGBTQ a. Mwen remèsye Manm Asanble O'Donnell paske li te defann pwojè lwa sa a nan Asanble a, Lidè Majorite Andrea Stewart-Cousins paske li te pote l nan Sena a, ak Gouvènè Hochul paske li te siyen li".

Manm Asanble Danny O'Donnell, te deklare, "Yon ons prevansyon vo plis pase yon liv gerizon. Epi, aksè nan medsin prevantif se yon bagay esansyèl nan batay nou kont VIH. Epidemi an poko fini. Men, yo pwouve PEP ak PrEP anpeche transmisyon VIH la, epi pèsòn pa ta dwe refize aksè nan medikaman revolisyonè sa yo akòz pri oswa mank kouvèti asirans. Sa a se yon pwojè lwa ki ede moun LGBTQ, kominote koulè yo, ak nenpòt moun ki gen plis risk pou yo ekspoze a VIH nan asire ke mank kouvèti asirans p ap janm yon obstak pou yo jwenn aksè nan PEP oswa PrEP. Mwen remèsye kòlèg mwen yo, Gouvènè Hochul, Senatè Hoylman, ak defansè ki te travay pou adopte lwa enpòtan sa a".

Komisè Depatman Sante a, Doktè Mary T. Bassett, te deklare, "Medikaman PrEP ak PEP yo se resous vital ki pwouve yo trè efikas nan anpeche transmisyon ak bese pwopagasyon VIH la. Medikaman sa yo dwe disponib, aksesib, epi pou yo sitou nan pri abòdab pou tout Nouyòkè yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li siyen lejislasyon enpòtan sa a epi mete New York nan yon lòt pa pi pre pou mete fen nan epidemi an".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418